



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 18 novanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENFOMASYON SOU LAKE EFFECT SNOW

Yo entèdi vwayaj nan Lancaster, Lwès Seneca, Sid Buffalo, Cheektowaga ak Hamburg

Sant Operasyon Ijans Eta rete ouvè pou moun ki afekte yo

Sèvis NFTA nan pati Sid vil la sispann; fèmti wout yo gen ladan yon pati nan otowout la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te bay enfòmasyon osijè lake effect snow nan rejyon lwès New York. Sant Operasyon Ijans Eta New York rete ouvè pandan nèj la ap kontinye tonbe pou ede nenpòt moun ki bezwen èd akòz de tanpèt sa yo.

“Kenbe Nouyòkè yo ansekirite se priyorite nimewo en nou, e mwen ankouraje chofè yo pou yo rete andeyò wout la nan kondisyon danjere sa,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nap deplwaye resous pou netwaye osi rapidman ke posib e nou mande ke chofè yo fè depasman ki nesèsè sèlman jiskaske nou fè sa.”

Entèdiksyon Vwayaj

Entèdiksyon vwayaj anvigè nan Lancaster, lwès Seneca, Sid Buffalo, Cheektowaga ak Hamburg. Pandan yon entèdiksyon vwayaj, yo entèdi kondwit pou nenpòt ki rezon. Avi sou vwayaj, sa ki bay chofè yo restriksyon pou nenpòt depasman ki pa nesèsè, anvigè nan tout konte Erie ak Genesee.

FÈMTI WOUT

Lis wout ki fèmen yo se sa ki annaprè yo:

- NYS Thruway (I-90) apati Sòti 46 nan Rochester a Sòti 61 nan Ripley;
- I-290 apati Sòti 6 (Sheridan Drive) pou rive nan Otowout (I-90);

- I-190 Niagara Thruway apati sòti 1 (Sid Ogden Street, toupre otowout prensipal sòti 53) a sòti 16 (I-290, toupre pati sid nan Pon Grand Island);
- Wout 5 (the Skyway) ant I-190 Otowout Niagara ak Tiff Street nan vil Buffalo;
- Wout 219 ant otowout la ak Wout 39 nan vilaj Concord;
- Wout 400 ant otowout la nan lwès Seneca ak Wout 16 nan bouk Aurora.

Reta ak Anilasyon nan Transpò Piblik

Anplis, Otorite Transpòtasyon Niagara Frontier [Niagara Frontier Transportation Authority (NFTA)] te sispann sèvis otobis nan pati sid vil la akòz nèj kap kontinye tonbe ak wout yo ki enpratikab. Otobis yo ap toujou fonksyone nan vil Buffalo ak nan pati nò vil la. Wout tren yo ki annaprè a pap fonksyone pou kounye a: 1,2,14,15,16,36,42,36,42,69,70,72,74,75, ak 76. Tout lòt wout yo ap fonksyone, men yo ka gen reta.

Sant Operasyon Ijans Eta Ouvè

Gouvènè Cuomo te aktive Sant Operasyon Ijans Eta New York nan Albany nan dat 17 novanm a 8:00 PM, sa ki pral rete ouvè jiska mèkredi swa. Pèsonèl nan Divizyon Homeland Sekirite ak Sèvis Dijans (avèk anplwaye nan Biwo Jesyon Ijans ansanm avèk Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife), Depatman Transpòtasyon, Depatman Konsèvasyon Anviwonman, Otowout Eta New York, Lapolis Eta, Komisyon Sèvis Piblik ak Divizyon Militè ak Afè Naval sou plas pou bay asistans.

Yo te kontwole tanpèt la e biwo jesyon ijans an kontak etwat avèk sèvis nasyonal meteyo, avèk rezèv ki pare pou deplwaye nan konte ki bezwen yo enkli materyèl tankou dèlko ak materyèl pou tanpèt. Depatman Homeland sekirite ak sèvis dijans Eta gen direktè rejyonal ak pèsonèl nan Biwo Jesyon Ijans nan sant operasyon ijans konte a.

Yo te deplwaye chari Eta ak ti ekipman pou retire nèj nan rejyon an

Depatman transpòtasyon Eta New York te deplase 8 chari ak 36 operatè ak sipèvizè ki soti toupatou nan eta pou ale nan lwès New York pou ede nan operasyon retire nèj. Yo pral gen yon total 410 chas-nèj ak 1,018 operatè ak sipèvizè kap travay nan tanpèt sa a. Depatman an byen apwovizyone avèk sèl pou wout yo.

Otorite Thruway Eta New York gen yon total 200 operatè chas-nèj ak sipèvizè kap travay sou tanpèt la, avèk 97 kamyon chari, 18 chajè devan, yon gwo kamyon vantilatè nèj ak 37,000 tòn sèl. Otorite Thruway te deplase resous adisyonèl nan lwès New York sa ki gen ladan nèt gwo kamyon chari, de chajè devan, de gwo kamyon vantilatè nèj ak nèt operatè chari.

Itilize Prekosyon si vwayaj nesèsè

Li enpòtan pou chofè sou tout wout konnen chas-nèj woule nan vitès jiska 35 milalè — sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki endike a — pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout la. Souvanfwa sou otowout ant eta, chas-nèj pral opere kòtakòt; se fason pi efikas ki gen mwens danje pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Otomobilis ak pyeton yo ta dwe egalman kenbe nan lespri yo ke chofè chas-nèj yo gen yon distans vizyon ki limite, e gwo ak wotè chas-nèj la rann li difisil pou manevre epi kanpe touswit. Nèj kap vante soti dèyè chas la ka diminye anpil nan viziblité oubyen koze kondisyon “kap avegle”. Chofè yo pa dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki pi pwoteje pou chofè yo se dèyè chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou kondi san pwoblèm pandan sezon livè a:

- Pa janm swiv yon chas-nèj twò pre oswa pa eseye double youn. Sonje otowout ki devan chas-nèj la toujou kouvri avèk nèj;
- Ajiste vitès ou pou eta wout la, epi toujou kite yon distans sekirite avèk lòt veyikil yo;
- Pwogramme tan anplis pou vwayaj pandan sezon livè a, epi pran pasyans pandan operasyon pou ranmase glas ak nèj;
- Mete nan tèt ou sifas pon yo glise, paske yo konjle pi vit pase sifas wout la;
- Siveye glas nwa, ki kapab difisil pou wè, men li fè eta wout yo vin glise lè tanperati asfat la anba tanperati pou konjelasyon;
- Toujou gen yon telefòn selilè nan men ou, si li posib, men pa voye tèks pandan w ap kondi; li ilegal pou kondi avèk distraksyon, epi sa ap menm vin pi danjere pandan evènman tanpèt yo;
- Pa janm soti anndan veyikil ou si zòn nan bloke avèk nèj;
- Mete materyèl pou ijans nan vwati ou, tankou sab, pèl, fize siyalizasyon, kab pou demaraj, kòd, gratwa, radyo pòtatif, flach, dra ak rad cho anplis;
- Fè yon moun ki responsab konnen kote w ale, wout ou gen entansyon fè, ak ki kantite tan sa ap pran w pou rive; epi
- Rete kam epi pa panike sizoka yon veyikil anpàn, aksidan, oswa si ou vin bloke nan nèj.

Chofè dwe gen atik pou ijans annapre yo nan machin yo:

- Flach ak pil rezèv
- Telefòn selilè chaje ak chajè machin
- Twous premye swen debaz
- Dra oubyen sak kouchaj
- Rad anplis, san bliye padesi, bòt, gan ak chosèt
- Gwatwa ak bwòs pabriz
- Ekstenktè dife
- Pèl
- Sab, sèl pou wout ak/oubyen lityè chat pou traksyon
- Chenn kawoutyou oubyen tapi traksyon
- Bwat zouti debaz, tankou pens, kle ak tounvis
- Kab remòkaj
- Kab demaraj
- Fize limyè/reflektè
- Rad ki gen gwo koulè (pou itilize kòm yon drapo)
- Kat wout yo

Depatman Transpòtasyon Eta New York bay yon sistèm konsèy sou vwayaj ki bay rapò vwayaj nan tan reyèl e ou ka jwenn aksè lè ou konpoze 511, sou entènèt nan www.511ny.org, oswa atravè yon aplikasyon telechajab smart phone. Sitwèb la dispoze de yon kat ki gen kòd koulè ki montre ki wout nan eta ki kouvri avèk nèj, mouye, sèch, oswa fèmen pou ede vwayajè yo detèmine si yo konseye vwayaj. Sistèm nan bay enfòmasyon antan reyèl sou kondisyon nèj ak glas pou wout ant eta yo ak lòt wout ki gen anpil sikilasyon veyikil, jan operatè chas-nèj yo rapòte sa.

Vwayajè ka abone tou pou resevwa imel TRANSAlert konsènan sityasyon sikilasyon thruway a sou <http://www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml> oubyen swiv [@ThruwayTraffic](https://twitter.com/ThruwayTraffic) sou Twitter. Nou ankouraje Vwayajè sou Thruway yo vizite www.Thruway.ny.gov pou mizajou antan reyèl. Pou wè yon kat entèaktif ki gen kondisyon sikilasyon Google pou Thruway a ak lòt wout nan Eta New York State ak pi lwen, ale sou: <http://www.thruway.ny.gov/travelers/map/index.html?layer=traffic>.

Divizyon Homeland Sekirite ak sèvis dijans egalman te rekòmande ke rezidan yo ta dwe prepare kay yo ansanm avèk fanmi yo pou tanperati ivè a. Sa a gen ladan stoke pwovizyon sizoka yon tanpèt nèj oswa pann kouran ta anpeche yo soti kite kay la. Tcheke sou vwazen granmoun ansanm avèk sa yo ki gen bezwen spesyal pou wè si yo bezwen èd. Ou ka jwenn konsèy anplis sou sekirite nan sitwèb Divizyon Homeland Sekirite ak sèvis dijans nan: <http://www.dhss.ny.gov/oem/safety-info/publicsafety/winter.cfm>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride